

MRN# \_\_\_\_\_



## Fòmilè Elijiblite Selon Nivo Frè Varyab yo

Ou dwe ranpli aplikasyon sa a pou w kapab aplike pou yon rabè. Enfòmasyon sa yo ap rete estrikteman konfidansyèl nan dosye nou. Y ap itilize revni anyèl brit (avan taks oswa dediksyon) fwaye ou ansanm ak kantite moun ki gen nan fanmi an, selon Direktiv Federal sou Povrete yo, pou kalkile yon tarif nòmal oswa yon rabè. Si nou apwouye ou, kalifikasyon an ap ekspire nan 12 mwa epi w ap gen pou aplike ankò chak ane. Ou dwe soumèt aplikasyon sa ak dokiman revni an nan lespas 14 jou youn apre lòt apati lè w te fè premye konsiltasyon nan klinik la oswa nan lespas 14 jou apre nivo frè varyab ki an plas la ekspire

### Enfòmasyon Pasyan/Moun k ap aplike a: Paran an oswa reprezantan legal la dwe ranpli fòmilè a pou yon timoun ki minè

Prenon: \_\_\_\_\_ Non fanmi: \_\_\_\_\_ Dat Nesans: \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_

Adrès Kay la: \_\_\_\_\_ Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd postal: \_\_\_\_\_

Imèl: \_\_\_\_\_ Telefòn: (\_\_\_\_\_) \_\_\_\_\_ Nimewo Dosye: \_\_\_\_\_

### Enfòmasyon sou Moun ki nan Kay la ak sou Revni

Ki eta sivil ou?  Selibatè  Marye  Vèv/Vèf  Separe  Divòse

Kondisyon Lojman:  Pwopriyetè  Lokatè  Ap Viv ak yon Moun  Nan Sitiyasyon Sanzabri  Nan Lojman Tanporè

Èske ou gen yon asirans (medikal/otomobil/dedomajman travayè) ki pral kouvri tout oswa yon pati nan depans medikal ou yo?  Wi  Non

Si wi, bay kat asirans ou an epi bay: Non Asirans lan: \_\_\_\_\_ Idantifikasiyon (ID) Manm lan: \_\_\_\_\_

Kantite moun k ap viv lakay ou? \_\_\_\_\_ Èske gen nenpòt moun lakay ou ki ansent nan moman? Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_

Si ou reponn wi, konbyen timoun ki poko fèt? \_\_\_\_\_ Kantite Moun Total K ap Viv nan Kay la\*: \_\_\_\_\_ (kantite moun k ap viv nan kay la + timoun ki poko fèt = kantite moun total ki nan kay la)

Endike chak manm ki nan fanmi an, ni OU MENM tou, anba a - sa gen ladan manm fanmi ki gen lyen parante, patenè ki abite ansanm oswa moun k pataje revni ak depans, epi sa ka gen ladan timoun ki poko fèt si moun ki ansent lan fè pati moun ki abite nan kay la epi gen dokiman ki konfime gwoès la. Timoun ki poko fèt yo p ap mansyone anba a.

Non Konplè	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal	Se Yon Anplwaye	Orè Revni Travay
			<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Chak Semèn <input type="checkbox"/> Chak De (2) Semèn <input type="checkbox"/> Chak Mwa <input type="checkbox"/> Pa Sezon _____
			<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Chak Semèn <input type="checkbox"/> Chak De (2) Semèn <input type="checkbox"/> Chak Mwa <input type="checkbox"/> Pa Sezon _____
			<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Chak Semèn <input type="checkbox"/> Chak De (2) Semèn <input type="checkbox"/> Chak Mwa <input type="checkbox"/> Pa Sezon _____
			<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Chak Semèn <input type="checkbox"/> Chak De (2) Semèn <input type="checkbox"/> Chak Mwa <input type="checkbox"/> Pa Sezon _____
			<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Chak Semèn <input type="checkbox"/> Chak De (2) Semèn <input type="checkbox"/> Chak Mwa <input type="checkbox"/> Pa Sezon _____
			<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Chak Semèn <input type="checkbox"/> Chak De (2) Semèn <input type="checkbox"/> Chak Mwa <input type="checkbox"/> Pa Sezon _____

### Endike revni mansyèl fanmi w pou lajan chak manm nan fanmi w touche:

Oumenm	Mari/Madanm ou	Pitit Ou (ansanm)	Lòt Manm Fanmi W (ansanm)	Revni Total Moun ki nan Kay la
\$_____	\$_____	\$_____	\$_____	\$_____
Sous Revni: Ranpli seksyon anba a ki aplike pou revni travay chak manm nan fanmi w k ap travay. Avantaj ki pa lajan kach tankou koupon alimantè ansanm ak sibvansyon pou lojman pa konte	Oumenm	Mari/ Madanm	Pitit Ou	Lòt Total
Renimerasyon/Salè/Gratifikasyon/Sipò sou Fòm Lajan Kach/Asistans sou Fòm Lajan Kach				
Revni Travayè Endepandan				
Pansyon Alimantè pou Timoun / Pansyon Alimantè				
Avantaj Sekirite Sosyal / Avantaj Sekirite Siplementè				
Asistans Piblik / Avantaj pou Moun ki Gen Andikap				
Lajan Retrèt: Pansyon/Dividann/Rant/Enterè ou Touche				
Revni Lwaye / Redevans / Patrimwàn Fidisye				
Dedomajman Travayè/Avantaj pou Moun ki Nan Chomaj/Avantaj pou Ansyen Konbatan				
Lòt (Presize): _____				

Tanpri soumèt dokiman revni ansanm ak aplikasyon ou. Dokiman yo akseptab se: Fich pey (dènye kat semèn yo), Lèt alokasyon Sekirite Sosyal ak/oswa Enfimite, Fòm Taks 1040 (pou ane ki pi resan ou te depoze), Fòm W2, Lèt Benefis Chomaj, Deklarasyon Revni Retrèt, Akò Pansyon Timoun oswa Pansyon Alimantè, ak Lèt Verifikasiyon Anplwayè. Pou Travay Endepandan: Fòm 1099, Relevé Kont Labank, Deklarasyon Pèf ak Pèt, Fòm Taks – Orè C (Schedule C). Pou kesyon oswa asistans konsènan dokiman revni, tanpri kontakte yon Avoka Asistans Finansye (Financial Assistance Advocate).

MRN# \_\_\_\_\_

Revize chak seksyon ki anba a epi sèlman ranpli seksyon yo ki baze sou sitiyasyon pèsonèl ou.

**Ranpli seksyon sa a sèlman si ou pa gen okenn lòt fason pou dokimante revni ou: Tanpri ranpli sèlman bwat ak kesyon ki aplike pou sitiyasyon pèsonèl kay ou. Seksyon sa a fèt pou moun ki pa ka bay dokiman revni nòmal. Si ou gen fich pey oswa lòt fòm prèv revni, PA RANPLI SEKSYON SA A.**

#### Oto-Atesyon Revni:

Estimasyon Revni Mansyèl: \$ \_\_\_\_\_ Kantite Moun ki Gen nan Fanmi an: \_\_\_\_\_

- Mwen touche sou fòm lajan kach (Mwen pa resevwa chèk/souch chèk).
- Mwen pa kapab jwenn yon lèt nan men anplwayè m nan. Eksplike poukisa: \_\_\_\_\_
- Mwen pa gen aksè ak enfòmasyon finansyè m yo. Eksplike poukisa: \_\_\_\_\_

#### Oswa:

- Mwen **pa gen revni** aktyèlman. Eksplike anba a kijan ou fè reponn ak bezwen debaz ou yo (pa egzanp, lojman, manje, transpò):

Eksplike: \_\_\_\_\_

#### Oto-Atestasyon pou Sitiyasyon Sanzabri: Ranpli seksyon sa a, tcheke kaz ki apwopriye a, epi eksplike.

Aktyèlman mwen nan sitiyasyon sanzabri epi mwen pa gen yon rezidans fiks, regilye oswa ki apwopriye kote m kapab dòmi leswa.

- Ap viv nan lari (machin, plak, biling ki abandone). Dekri lokal la: \_\_\_\_\_
- Ap viv defason tanporè avèk lòt moun akoz mwen pèdi lojman m. Dekri lokal la: \_\_\_\_\_
- Ap viv nan yon lojman piblik oswa prive kote mwen jwenn lojman tanporè. Non Etablisman: \_\_\_\_\_
- Sove anba vyolans domestik epi mwen pa gen yon lojman estab.

#### Mwen san lojman fiks depi:

- Mwens pase 1 mwa  1-3 Mwa  4-6 mwa  7-12 mwa  Plis pase 1 lane

#### Konsantman pou Aplikasyon pou Nivo Frè Varyab la – tout moun k ap aplike dwe ranpli konsantman sa a

- Mwen konprann ke enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a, ki gen ladan revni m ak kantite moun ki gen nan fanmi m, pral rete konfidansyèl epi y ap itilize yo sèlman pou detèmine si mwen kalifye pou sèvis swen sante a pri redui yo nan kad Pwogram Rabè Selon Nivo Frè Varyab la.
- Mwen sètifye ke tout enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a, ki enkli revni ak kantite moun nan kay la, se verite, kòrèk epi konplè selon sa mwen konnen. Mwen konprann enfòmasyon sa yo ap verifye e y ap itilize pou detèmine elijibilite mwen pou sèvis rabè
- Mwen dakò pou m enfòme sant sante kominotè Distri Swen Sante a (Health Care District) sou nenpòt chanjman ki fèt nan revni m, kantite moun ki gen nan fanmi m, oswa sitiyasyon lojman m ki ka petèt afekte kalifikasyon m.
- Mwen konprann ke mwen dwe aplike ankò pou pwogram nivo frè varyab la chak ane, oswa si kantite moun ki gen nan fanmi m oswa revni m chanje.
- Mwen bay konsantman m pou yo itilize enfòmasyon sa yo nan objektif sa yo, epi mwen konprann ke si m bay fo enfòmasyon oswa enfòmasyon pou tronpe vijilans moun, sa ka lakoz mwen vin pa kalifye ankò pou rabè sou nivo frè varyab la.

Non Pasyan an (an Lèt Detache): \_\_\_\_\_

Siyati Pasyan an/Reprezantan Legal Pasyan an: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

#### Refi pou Nivo Frè Varyab la: Ranpli seksyon sa a si ou pa vle aplike pou nivo frè varyab la.

- Mwen pa vle aplike pou Nivo Frè Varyab la yo te pwopoze m nan. Mwen konprann ke m ap gen pou m peye pou tout sèvis yo ak pou nenpòt medikaman ke m resevwa nan sant sante kominotè Distri Swen Sante a. Mwen konprann tou ke mwen kapab aplike pou Nivo Frè Varyab la alavni si mwen chanje lide m.

Non Pasyan an (an Lèt Detache): \_\_\_\_\_

Siyati Pasyan an/Reprezantan Legal Pasyan an: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_